



PWOSÈ VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

vendredi 11 juin 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans vendredi 11 juin 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimere anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Egzamen admisyon lekòl manm gwoup travay la ki prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis, Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo, Simon Chernow; Matt Gregor, Tanya Freeman-Wisdom, Katherine Grassa, Zena Lum, Zoe Nagasawa, Rachel Skerritt, epi Rosann Tung.

Manm gwoup travay egzamen admisyon lekòl yo ki absan: Acacia Aguirre; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki Prezan: Monica Roberts, Chèf Avansman Elèv yo, Fanmi ak Kominote a.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

[Pwosè vèbal reyinyon yo: Reyinyon 4 Jen 2021 an](#)

OUVÈTI REYINYON AN

Mesye Contompasis te deklare reyinyon an ouvè. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espagnòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Madam Aguirre ak Madam Waite te absan. Mesye Acevedo, Mesye Chernow, ak Doktè Freeman-Wisdom epi Madam Sullivan te rive apre apèl la.

vendredi 11 juin 2021

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN: VANDREDI 4 JEN 2021

***Apwouve* – Gwoup Entèvansyon an te apwouve a inanimite pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo vandredi 4 Jen 2021 an.**

DISKISYON

Madam Contompasis te enfòme manm Gwoup Entèvansyon yo de nouvèl dat pwochèn reyinyon yo epi te deklare ke ko-prezidan yo ta pral prezante yon mizajou eta Gwoup Entèvansyon an sou egzamen admisyon lekòl yo pandan reyinyon Komite Lekòl 16 Jen an. Li te di ke Ko-Prezidan yo te swete prezante yon ansanm rekòmandasyon pandan reyinyon Komite Lekòl 30 Jen an.

Manm yo te diskite sou divès kritè posib pou admisyon yo. Doktè Tung te raple manm yo ke nòt yo te kapab pi byen predi pwochèn akademik yo pase nòt tès yo, e ke tès yo genyen yon enpak pi disparat pase itilizasyon nòt yo sèlman e ke manm yo pa ta dwe chwazi tès la senpleman paske li inifòm paske lè li inifòm nan, se pa toujou sa ki pi jis la.

Mesye Contompasis te rezime kritè elijibilite pou gwoup postilan yo. Premye a se te pou itilize mwayèn pondere kimilatif (grade point average, GPA), avèk swa Atizay Lang Anglè (English Language Arts, ELA) ak matematik oubyen ajoute plis matyè, itilizasyon yon evalyasyon ak fason pou itilize li, ajoute tou yon esè, yon rekòmandasyon edikatè a, epi itilize yon lotri nan tout distri a.

Mesye Gregor te deklare li ta renmen wè yon plan ki ranpli responsabilite yo, li tradui pa yon divèsite sosyo-économik ak rasyal sinyifikatif katye a, nan limit Konstitisyon yo ak presedan Lakou Siprèm nan nan matyè a. Li ajoute ke si yon tès te itilize, li ta dwe osi fleksib ke posib.

Manm yo te mande si GPA ta dwe sèlman pou matematik ak ELA oubyen si li ta dwe enkli plis matyè.

Madam Lum te deklare yo ta dwe gade nan yon GPA jeneral epi si kritè a pa yon mezi ki efikas nan tout lekòl yo, ki se yon pwoblèm distri a ak yon pwoblèm paplayn, pa yon pwoblèm Gwoup Entèvansyon. Li te panse tank te gen plis varyab ki enkli pou elijibilite a, se pi jis pwosesis la t'ap ye. Mesye Contompasis te deklare ke konsantrasyon sou ELA ak matematik la se paske de sijè sa yo se sa yo ki te pi koyeran nan tout nivo nòt yo nan distri a.

Mesye Acevedo te deklare li te kwè li te esansyèl pou Gwoup Entèvansyon an te rive nan yon konsansis e ke sèl fason li te kapab prezante yon rekòmandasyon ak Komite Lekòl Boston nan ki t'ap abouti ak yon politik admisyon pèmanan ak ekitab nan egzamen lekòl yo nan vil la t'ap eksprime tou pa konsansis Gwoup Entèvansyon an.

Madam Grassa te deklare li te panse ke genyen twòp aksan ki te toujou ap mete sou ELA ak matematik e ke sa t'ap yon opòtinite pou distri a pote valè pou lòt matyè enpòtan yo. Li te deklare tou li te panse ke sa t'ap retire aksan yo te mete sou yon pwofesè ki kenbe tout pwa yon

vendredi 11 juin 2021

nòt patikilye ak pou timoun yo kapab briye nan kèk matyè diferan. Mesye Contompasis te deklare ke si elèv yo, akoz de pandemi an, te sèlman soumèt nòt klas 6èm ane yo, petèt syans yo ak etid sosyal yo te kapab ajoute sou yo.

Doktè Tung te mande si rekòmandasyon yo a te kapab pèmanan avèk yon eksepsyon yon ane; sa ki pèmanan se t'ap 5èm ane, ak premyè mwatye 6èm ane GPA, avèk divès matyè ki ajoute. Pou admisyon nan ane lekòl k'ap vini an, se t'ap sèlman mwatye 6èm ane a avèk tout matyè yo. Manm yo te panse se te yon ide ki aseptab.

Madam Skerrit te dakò avèk sigjesyon pou genyen de etap pou yon GPA, yon dispozisyon Covid yon ane ak yon politik alontèm. Li te sigjere ke ta dwe genyen yon analiz rezulta yon ane pou yo kapab gade done yo. Madam Grassa te raple manm yo ke dwe genyen yon langaj klè, kit se semès oubyen trimès, paske diferan lekòl yo fonksyone diferamman. Madam Lum te dakò avèk pwopozisyon an men li te mande si yo te kapab gade nan klasman jeneral klas la apati de 5èm ane pou solisyon pèmanan, pandan y ap ajoute matematik ak ELA nan 6èm ane.

Mesye Acevedo te ajoute yo pa ta dwe pale de de ansanm rekòmandasyon diferan, men yon politik pèmanan an plizyè faz ak yon faz inisyal pou premye ane, epi yon faz pi long ki t'ap politik pèmanan an. Madam Sullivan te sigjere yo itilize ELA ak nòt matematik 5èm ane ak tout lòt matyè yo pou 6èm ane.

Mesye Contompasis te mande si yo dwe mande distri a pou chanje sistèm notasyon an pou 5èm ane. Madam Grassa te rezime travay distri a nan kesyon notasyon, te afime ke te genyen dis lekòl pilòt nan distri a ki t'ap travay sou yon nouvo sistèm notasyon.

Tout manm yo te soutni sigjesyon Madam Sullivans lan.

Mesye Contompasis te deklare yo t'ap rekòmande itilizasyon trimès yo oubyen premye trimès la pou pwochèn gwoup postilan ki t'ap gen ladan yo ki nan 6èm ane ajou syans ak etid sosyal yo nan ELA e ak nan matematik. Pou dezyèm faz la, yo t'ap pran nòt ELA ak matematik 5èm ak nan 6èm ane, yo t'ap pran nòt nan kat matyè yo. Yo t'ap rekòmande pou distri a pase nan yon sistèm chif a yon sistèm lèt nan 5èm ane.

Mesye Contompasis te pale sou opsyon otou yon evalyasyon, li sigjere pou evalyasyon MAP la te ka itilize, li sigjere ke evalyasyon MAP la te kapab itilize, swa kòm nòt absoli oubyen yon endikatè oubyen sèy, epi si li te itilize pou youn oubyen lòt, li t'ap konbine avèk GPA. Li te deklare li kwè itilizasyon yon evalyasyon te esansyèl epi yo pa t'ap sèlman depann de GPA. Li te kwè ke yo ta dwe itilize yon evalyasyon an konjonksyon avèk GPA. Madam Skerrit te mande sila ki pa t vle yon evalyasyon an, ki zouti yo t'ap itilize pou endike ke elèv yo t'ap pèfòme nan nivo klas yo jan yo konpare sa ak estanda eta yo.

Madam Sullivan te deklare, refere ak prezantasyon Doktè Shepard la nan 21 Me, sa te baze sou rechèchè ak done yo, pi bon endikatè a nan pwosesis sa yo se GPA. Li te di tou Doktè Shepard te deklare ke rechèchè la soutni itilizasyon yon evalyasyon, si li itilize nan pi bon fason, kòm yon validatè de sa GPA kapab di, men pa itilize kòm yon zouti. Madam Sullivan te deklare tou li te

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòlsou
Zoom

vendredi 11 juin 2021

opoze ak itilizasyon yon evalyasyon ki t'ap egzamine yon nòt absoli, an patikilye pou lotòn 2021 an. Li te ajoute ke aprè ane a ke elèv yo te travèse a, li pa t'ap jis pou elèv BPS yo fè pase yon tès ki gen anje elve nan lotòn. Li te raple manm yo tou ke NWEA te di ke tès MAP la te destine pou li itilize kòm yon mezi kwasans e non kòm yon tès ki gen anje elve.

Mesye Acevedo te di ke li te rive nan konklyzon ke yo ta dwe itilize yon sòt evalyasyon epi li te panse ke sa ta ka itilize kòm nòmalizatè. Li te di ke si te genyen yon fason pratik pou prezante NWEA kòm yon endikatè kwasans ke tout elèv yo te dwe pran, sa t'ap pi bon solisyon.

Mesye Contompasis te esplike pwoblèm lojistik avèk NWEA pou ane sa k'ap vini an pou itilize kòm mezi kwasans; yo ta dwe pran li de fwa pandan lotòn nan epi te genyen yon tan limite. Li te di tou li pa t'ap nan avantaj elèv yo ki soti nan lekòl pawasyal ak chat yo. Li te sigjere ke yo itilize MAP la espesifikman pou estanda nivo klas yo pou yon nòt absoli oubyen pou detèmine yon sèy minimòm absoli ki t'ap itilize pou endike volonte pou antre nan gwoup admisibilite a, epi GPA, t'ap aprè sa itilize pou klase elèv yo, oubyen yo t ap itilize yon lotri pou sa.

Mesye Acevedo te sigjere pou itilize yon solisyon faze pou evalyasyon an. Madam Lum te dakò epi te obsève yo te kapab itilize MCAS kòm yon nòt absoli pou BPS ak MAP pou elèv non-BPS yo. Pou dezyèm faz la yo te kapab itilize MCAS pou yon sèy nivo klas epi gade nan kwasans lan pou demontre pwogrè elèv yo anplis pou demontre nivo klas yo.

Madam Grassa te bay kèk kontèks konsènan moman ki chwazi pou tès kwasans lan e li te vle souliye tou ke elèv yo ta kapab gen yon kwasans enpòtan e yo pa prè nivo klas yo oubyen gen yon kwasans minimal e deyò chat yo.

Madam Sullivan te repeète preyokipasyon pwofon li ke li te genyen nan mande elèv BPS yo pase yon tès nan lotòn, pandan li konnen ke yo pa sou menm teren ak elèv ki te nan klas yo depi ane pase, e ke sa pa prepare elèv pa yo pou yo reyisi.

Mesye Contompasis te ensiste ke li nan bezwen yon evalyasyon, men te panse li te ka itilize baze sou yon nòt sèy, epi aprè yo te kapab itilize GPA, nan objektif pou chwazi elèv pou lekòl yo.

Doktè Freeman-Wisdom te reyitere sa Madam Grassa te di a, ke ou kapab genyen yon nòt kwasans elve, men pa nan nivo klas, epi yon nòt kwasans fèb epi li byen anwo nivo klas la. Pa konsekan, li te kwè ke yon evalyasyon nesesè pou valide eta preparasyon nivo klas la. Madam Grassa te ajoute ke yo pa t kapab nan okenn ka itilize nòt MCAS yo pou ane sa. Doktè Tung te pwopose yon kondisyon elijibilite minimal pou itilize GPA a, konpetans MCAS la oubyen pati reyalizasyon kwasans MAP a.

Madam Sullivan te trè kategorik sou lefètke elèv BPS yo pa ta dwe prezante yo nan yon evalyasyon nan lotòn 2021 an nan konpetisyón avèk timoun ki te frekante divès lekòl privé yo ak lòt tip lekòl pou jwenn plas,

vendredi 11 juin 2021

depi Mas 2020 chak jou. Doktè Tung te dakò avèk Madam Sullivan epi te de ke Gwoup Entèvansyon an riske ale kont responsabilite li si li itilize yon nòt pou coupe nan yon tès pou admisibilite.

Mesye Contompasis te di li te genyen yon twazyèm opsyon pou eseye atenn yon konsansi. Li te pwopoze pou gade nan evalyasyon an pou detèmine preparasyon nivo klas elèv yo pou entegre gwoup postilan yo. Anplis, elèv ki pran tès yo, si yo pa atenn ekivalan nivo klas sou sèy la, epi yo atenn ekivalan nivo klas sou GPA a, y'ap antre nan gwoup la.

Mesye Gregor te di si te genyen pou te fè yon egzamen, li pa t'ap administre jiska 2022 epi li te sigjere tou pou genyen yon rekòmandasyon nan men yon pwofesè pou si yon elèv te prè pou travay nivo klas. Doktè Freeman-Wisdom te deklare li pa t opoze pou genyen yon evalyasyon nan prentan 2022 olye lotòn 2021 pou bay plis tan ak elèv yo pou yo tounen nan ritm bagay yo.

Manm yo te pale sou nòt gwoup postilan elèv yo ane sa ak kijan nòt elèv BPS yo pa t verifye pa distri a. Madam Sullivan te deklare ke se te ankò yon pwoblèm operasyonèl e ke li te vle konprann ki pwosesis ki t'ap genyen pou BPS prè pou mete an aplikasyon rekòmandasyon yo, an patikilye nan sa ki konsène verifikasiyon nòt yo.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

- Suri Yang, rezidan West Roxbury, elèv, te temwanye sèlman kont itilizasyon yon GPA pou kritè admisyon yo.
- Xiangguo Shi, paran, te temwanye kont kritè kòd postal la.
- Lisa Green, North End, Paran BLS, Boston Coalition for Education Equity (Kowalisyon Boston pou Ekite nan Edikasyon), te li yon deklarasyon nan non Boston Coalition for Education Equity an favè kontinyite travay Gwoup Entèvansyon an.
- James Noonan, rezidan Roxbury, paran BPS, te temwanye an favè yon chanjman nan politik admisyon an.
- Peggy Wiesenber, rezidan Jamaica Plain, te temwanye an favè yon sistèm lotri pou postilan kalifye yo.
- Sharon Hinton, Hyde Park, Black Teachers Matter Inc, te temwanye an favè divès chanjman ekitab nan egzamen admisyon lekòl yo.
- Domingos DaRosa, rezidan Hyde Park, kandida nan At-Large City Council, te temwanye an favè modifikasyon yo.
- Christina Jiang, rezidan West Roxbury, paran nan Joyce Kilmer K-8 School, te temwanye kont kritè egzamen admisyon lekòl ki pa-fonde sou merit.
- Rachel Miselman, ansyen elèv BLS, te temwanye kont modifikasyon nan egzamen admisyon lekòl yo.
- Kevin Murray, rezidan Roslindale, direktè egzekitif Massachusetts Advocates for Children, te temwanye an favè chanjman ekitab nan egzamen admisyon lekòl yo.
- Sharon Kunz, rezidan Roslindale, paran nan Hernandez K-8 School, te temwanye kont yon evalyasyon ak an favè yon tirajosò.

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòlsou
Zoom

vendredi 11 juin 2021

KÒMANTÈ FINAL YO

Ko-Prezidan yo te remèsyé manm yo ak piblik yo.

RANVWAYE

Vè apeprè 07:55 pm, Komite a te vote a inanimite, pa apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvez
Asistan administratif